



Pou Piblikasyon Imedya: 11/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AGRANDI AKSÈ NAN LWAZI DEYÒ POU NOUYÒKÈ AVÈK OUVÈTI REZÈV BIG BEND NAN PAK ETA MOREAU LAKE

Rezèv la ofri 348 ekta tè divès kalite abita pou bèt sovaj ak nouvo santye pou Nouyòkè yo pou yo pran plezi nan randone, monte cheval, ak lòt lwazi deyò

Yon pati nan Kanpay Ete Gouvènè Hochul "Dekonekte sou Entènèt, Soti"

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti Rezèv Big Bend nan Pak Eta Moreau Lake pou vizit piblik. Rezèv la ajoute 348 ekta tè nan Pak Eta Moreau Lake – apeprè gwosè Central Park nan Vil New York – epi fè Moreau Lake youn nan dis pi gwo pak nan sistèm pak eta a. Rezèv la pral ofri tou aktivite lwazi pou vizitè yo ak abita ki gen anpil valè pou espès natif natal yo. Ouvèti a bati sou kanpay ete "[Dekonekte sou Entènèt, Soti](#)" (Get Offline, Get Outside) Gouvènè Hochul pou ankouraje sante fizik ak mantal nan ede timoun ak fanmi New York yo depoze telefòn yo ak òdinatè yo, pran yon ti repo nan rezo sosyal yo, epi jwi rekreyasyon ak rasanbleman sosyal deyò.

"Yo renmen Pak Eta Moreau Lake pou opòtinite eksepsyonèl lwazi deyò li yo, soti nan kayak li yo rive nan santye li yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ete sa a, mwen ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo dekonekte sou entènèt ak sòti nan nouvo Rezèv Big Bend – yon nouvo kote remakab pou konekte ak lanati epi jwi deyò."

Avèk bèl panorama montay yo, aksè ak rivyè Hudson, ak yon ekoloji divèsifye, vizitè yo ka jwi divès aktivite lwazi. Nan ouvèti a, rezèv la pral prezante de santye ki totalize anviwon dis kilomèt nan longè. Aktivite lwazi yo enkli randone, obsèvasyon zwazo, gade bèt sovaj, monte cheval, ak espò ivè ki pa fèt ak aparèy a motè tankou rakèt ak eski kwazman. Topografi Rezèv la plat nan pifò pati l, li ofri yon opsyon ki pi fasil pase santye ki difisil nan Pak Eta Moreau Lake sou Palmertown Ridge.

Pak Eta New York yo te itilize anvan pou eksplwatasyon forè, yo te achte moso tè sa nan kolaborasyon ak Open Space Institute (OSI). Depi akizasyon, efò yo te fè pou fè sondaj, retire plant anvayisan, koupe pye bwa anvayisan, etabli simityè vejetasyon siveyans, enstale deflektè kastò pou diminye inondasyon, retire kloti ki delabre ak konstwi santye.

Rezèw la gen anpil abita, ki soti nan rivaj Rivyè Hudson ak bè ak marekaj ki konekte pou rive nan forè ak preri sèch nan mòn yo. Nan patenarya ak Southern Adirondack Chapter of Audubon Society, yo te dokimante plis pase 100 espès zwazo sou sit la.

Objektif ekolojik prensipal yo se pwoteje ak amelyore divèsite biyolojik la nan prezèvasyon an epi retabli plis pase 162 ekta tè esteril. Tè sab ak savann ki louvri nan zòn nan prezante yon opòtinite eksepsyonèl pou retabli abita ki fèb ki nesesè pou espès espesyalis ki ra tankou papiyon ble ki an danje nan nivo federal ak papiyon litan jivre ki menase nan nivo eta a pou pwospere. Pak Eta New York yo te kolabore avèk Komisyon Albany Pine Bush, Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la, ak Sèvis Pwason ak Bèt Sovaj Ameriken an pou devlope plan pou retabli plis pase 162 ekta tè abita dezè epi pou etabli Rezèw Big Bend kòm yon rezèw papiyon ble nan kot Albany Pine Bush ak Saratoga Sand Plains nan Rezèw ak Pak Wilton Wildlife.

Ouvèti rezèw sa a sipòte objektif eta a pou konsève 30 pousan tè ak dlo li yo rive 2030, ann akò ak [inisyativ 30x30](#) global pou pwoteje tè ak dlo nan mond lan.

Komisè Tanporè Pak Eta New York la, Randy Simons, te deklare, "Big Bend se yon adisyon inik nan sistèm nou an. Jesyon anviwònman an se yon pati enpòtan nan misyon ajans nou an epi li defini travay nou pou 100 ane ki sot pase yo. Big Bend montre angajman nou pou restore kote sovaj nou yo ak pataje yo pou piblik la ka fè eksperyans mèvèy lanati yo. Ouvèti Big Bend se yon gwo moman pandan ane santènè sa a."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Mwen kontan anpil pou m selebre ouvèti nouvo Rezèw Big Bend, yon sit 348 ekta ki pral fè Pak Eta Moreau Lake youn nan dis pi gwo pak nan sistèm Pak Eta New York. Rezèw sa a ki ajoute a pral ede nou bati sou efò nou yo pou prezève eritaj natirèl Rejyon Kapital nou an, transfòme yon ansyen ekplwatasyon forè nan yon abita ki an sekirite pou espès natif natal ak yon sit pou lwazi ak efò restorasyon ekolojik. Nan lavni, mwen anvi wè adisyon sa a pote nouvo opòtinite pou rezidan yo ak vizitè yo pou yo jwi bote natirèl Rejyon Kapital nou an."

Senatè Eta Jim Tedisco te deklare, "Pak Eta Moreau Lake se yon bèl pak eta epi li se yon prezèvasyon natirèl enkwayab ak bèl bijou lwazi nan 44yèm Distri Sena a ak eta New York. Kòm manm nan Komite Afè Kiltirèl, Touris ak Pak ak Lwazi Sena a, epi kòm Senatè ki reprezante Konte Saratoga, mwen kontan dèske eta a ap ajoute 348 ekta tè nan pak la epi rann li aksesib pou moun pou jenerasyon ki ap vini yo pral kapab vizite epi jwi wazis natirèl primitif sa a. Mèsi a Gouvènè a, Biwo Pak Eta New York ak Open Space Institute pou travay yo sou pwojè sa a mwen te fyè pou mwen sipòte."

Manm Asanble Carrie Woerner te deklare, "Rezèw Big Bend se yon adisyon byenvini nan Pak Eta Moreau Lake. Tèren plat yon ti jan difisil pou jwenn nan Adirondacks yo. Anplis rezèw sa a pral ogmante siyifikativman aksè ak pak la, sa ki fè li posib pou plis moun apresye plant rich li yo ak bèt sovaj. Mwen rekonesan pou sipò Gouvènè Hochul nan ekspansyon pak la ak pou konsantrasyon li sou ede nou tout dekonekte ak soti

deyò. Adolesan nou yo espesyalman bezwen distraksyon an sante lwen telefòn selilè yo. Pran plezi nan bote natirèl, lè fre, ak aktivite deyò - tout sa Rezèv Big Bend la ofri - se kèk nan pi bon altènatif yo nan plas tan devan ekran. Nou gen chans gwo eta nou an se kay pak sa a kounya, menm pi gwo, pak eta."

Ofisye anchèf Konsèvasyon ak Politik OSI, Kathy Moser, te deklare: "Open Space Institute fyè dèske li te jwe yon wòl kle nan konsèvasyon pwopriyete Big Bend la. Sa a se yon peyizaj kote OSI te travay pandan plizyè dizèn ane – pandan 20 ane ki sot pase yo, nou te ajoute plis pase 1720 ekta tè nan Pak Eta Moreau Lake, ki triple li nan gwosè. Rezèv Big Bend Preserve sipòte inisyativ divèsite biyolojik enpòtan epi amelyore opòtinite lwazi pak la ofri pandan tout ane a. Se yon egzanp pafè sou fason pwoteksyon tè entelijan ak angaje ka bay benefis sipèpoze pou moun, kominote yo ak bèt sovaj yo."

Direktè Egzekitif Saratoga PLAN (Prezève Tè ak Lanati) Robert Davies te deklare, "Rezèv Big Bend se yon pati enpòtan nan zòn pwojè Southern Palmertown Range ak yon poto nan "santye prensipal" 21 kilomèt Sarah B. Foulke Friendship yo anvizaje ki konekte Pak Eta Saratoga Spa ak Pak Eta Moreau Lake. Antanke Patnè Palmertown, Saratoga PLAN kontan wè vizyon enpòtan sa a reyalize, li ofri nouvo opòtinite pou konekte moun ak lanati pandan li ap konsève resous natirèl ki enpòtan anpil yo."

Vizite yo ka jwenn aksè nan sit la nan antre prensipal li nan 110 Old Bend Road nan vil Moreau (itilize Fort Edward nan aplikasyon kat yo). Gen pakin pou 20 rive 30 machin, ki gen ladan pakin pou andikape yo. Pak la ap louvri chak jou depi solèy leve jiska solèy kouche gratis.

Pou plis enfòmasyon konsènan Rezèv Big Bend nan Pak Eta Moreau Lake, tanpri vizite <https://parks.ny.gov/parks/moreaulake/details.aspx>. 2024 la make 100yèm anivèsè sistèm State Parks la. Inisyativ selebrasyon yo gen ladan '[Blazing A Trail](#)' (Ouvri Yon Wout), yon kwonoloji entèaktif ki relate istwa ajans lan ak pèsonaj enfliyan yo; [yon ekspozisyon](#) nan Tinèl State Street Kapitòl Eta New York la ki kounye a vizib; [pwojè Pataje Istwa W la](#) (Share Your Story), ki envite moun rakonte pwòp istwa pa yo ki gen rapò ak Pak ak Sit yo; [Defi Santenè](#) a, ki ankouraje moun pou genyen prim lè yo patisipe nan divès aktivite nan pak ak sit yo; ak piblikasyon [machandiz Koleksyon Santenè](#), ki gen ladann mayo, djakèt, tas ak plis ankò. Gen lòt inisyativ yo pral anonse pandan 2024.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, ki te wè yon kantite rekò 84 milyon vizite an 2023. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite parks.ny.gov, telechaje gratis [aplikasyon NY State Parks Explorer](#) oswa rele [518.474.0456](tel:518.474.0456). Rejwenn nou nan selebre Santenè nou an pandan tout 2024 la, epi konekte avèk nou sou [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#) (anvan li te rele Twitter) ak [Blòg OPRHP](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | [518.474.8418](tel:518.474.8418)
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)